

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Sastra lisan minangka bagéan kabudayaan daérah anu kawilang penting pikeun dimumulé. Sastra lisan bisa jadi ébréhan budaya masarakat minangka unsur kréatifitas budaya jeung unsur kakuatan bangsa (Gusal, 2015). Salah sahiji nu kaasup kana sastra lisan wangun prosa nyaéta dongéng, anu sumebarna ngaliwatan lisan ti hiji generasi ka generasi satuluyna. Kagiatan maca Dongéng nyaéta salah sahiji kagiatan anu bisa ngamekarkeun pangabisa dina kasusastraan, lamun kagiatan maca ieu dilakonkeun di jenjang SMP bisa ngadukung aspek kabasaan jeung budaya. Ngaliwatan dongéng ogé guru bisa nerepkeun nilai-nilai kahirupan ku cara méré dongéng anu miboga pesen moral jang barudak.

Jaman kiwari loba masarakat anu teu wanoh kana dongéng-dongéng nu aya diwewengkonna séwang-séwangan. Dongéng geus loba kagésér ku carita-carita serial ti luaran nu leuwih dipigandrung ku masarakat utamana barudak ngaliwatan film kartun, komik, novel jsb. Salah sahiji anu nandakeun yéndongéng-dongéng di wewengkon Ciwidéy hususna di Kacamatan Rancabali can dipikawanoh ku masarakatna nyaéta dina bahan pangajaran dongéng di sakola anumasih kénéh ngagunakeun dongéng ti wewengkon séjén.

Aya sawatara sakola anu masih kénéh ngagunakeun bahan pangajaran dongéng ti wewengkon séjén. Contona di SMPN 2 Ciwidéy Sadananya dina pangajaran dongéng masih kénéh ngagunakeun dongéng “Sasakala Tangkuban Parahu” tina buku pangajaran *Gapura Basa*.

Nurutkeun (Koswara, 2010), dumasar kana eusina dongéng kabagi jadi opat jenis nyaéta dongéng sato (*fabel*), dongéng mite (*mythos*), dongéng jalma biasa (*farabel*) jeung dongéng sasakala (*legenda*). Dongéng nyaéta carita ngeunaan hiji hal anu teu kaharti ku akal, teu bener kajadianna jeung sipatna ngahibur tur hayalan. Nurutkeun Yuwono (dina Gusal, 2015) lian ti pikeun hiburan, carita rahayatmiboga fungsi pikeun dijadikeun pieunteungeun utamana dina carita anu mibanda pesen moral.

Dina ieu panalungtikan dongéng nu aya di wewengkon Ciwidéy hususna tempat wisata baris dipaluruh ngeunaan ulikan struktural jeung ajén atikan karakterna. Nurutkeun (Koswara, 2013),

ulikan struktural karya sastra nyaéta sacara gurat badag ngawengku unsur-unsur téma, amanat, plot/galur, palaku, jeunglatar. (2013, kc. 90-91).

Panalungtikan anu ngarojong di antarana aya panalungtikan ti Hasyim, spk. (2015), anu judulna *Invéntarisasi Cerita Rakyat dari Kabupaten Demak Melalui Aplikasi Buku Digital (E-Book) Interaktif, medar ngeunaan ajén-ajén anu aya dina carita rahayat sarta pentingna invéntarisasi carita rahayat sangkan bisa dipikawanoh ku generasi satuluyna*. Aya sawatara panalungtikan ngeunaan dongéng dina wangun skripsi, contona meunang Habli Rohmat Hadid (2013) anu judulna *“Invéntarisasi Dongeng di Kacamatan Nagrak Kabupaten Sukabumi pikeun Bahan Pangajaran Ngaregepkeundi SMP”*. Panalungtikan anu dilaksanakeun ku Wildan Devi Wijaya (2010) anu judulna *“Carita Rayat di Kecamatan Cisarua Kabupatén Bandung Barat pikeun Bahan Pangajaran di SMP”*, anu medar ngeunaan ngumpulkeun carita rayat, ngulikunsur intrinsik dongéng jeung nyusun bahan pangajaran aprésiasi sastra Sunda di SMP. Panalungtikan séjén anu dilaksanakeun ku Shinta Iskandar (2005) anu judulna *“Carita Rayat anu Aya di Kecamatan Ciparay pikeun Bahan Pangajaran Sastra di SMP”*, ngeunaan ngumpulkeun carita rayat atawa dongéng.

Dina ieu panalungtikan tangtu aya sasaruuan jeung pangbédana jeung panalungtikan saméméhna. Sasaruuan dina ieu panalungtikan jeung panalungtikan anu geus dilaksanakeun ku Habli Rohmat Hadid (2013) nyaéta sarua ngeunaan ngumpulkeun dongéng, papasingan dongéng, struktur dongéng. Bédana ieu panalungtikan jeung panalungtikan saméméhna nyaéta dina ulikanna nyoko kana ulikan struktural nurutkeun Koswara jeung ajén atikan karakter nurutkeun Suryalaga. Panalungtikan séjénna anu dilaksanakeun ku Wildan Devi Wijaya (2010) nyaéta sarua ngumpulkeun dongéng atawa carita rayat anu maluruh ngeunaan unsurintrinsik dina dongéng. Bédana ieu panalungtikan nyaéta ngulik nilai moral.

Pentingna ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngumpulkeun dongéng-dongéng nuaya di tempat wisata Ciwidéy, sangkan dipikanyaho ku masarakat utamana pikeungenerasi satuluyna. Salah sahiji cara anu bisa dilarapkeun nyaéta dijadikeun alternatif bahan pangajaran. Saupama teu aya kagiatan ngumpulkeun dongéng- dongéng, bisa ngabaluarkeun leungitna sastra lisan (dongéng) lantaran henteu dipikawanoh ku masarakatna. Ku kituna, perlu diayakeun panalungtikan kalayan judul *“AJÉN ATIKAN KARAKTER DINA DONGÉNG DI TEMPAT WISATA CIWIDÉY PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA DI SMP (Tilikan Struktural)”*.

## **1.2 Rumusan Masalah**

Dumasar kana idéntifikasi masalah, rumusan masalah di wincik deui jadi 3 :

- 1) Kumaha déskripsi dongéng-dongéng sasakala anu aya di tempat wisata Ciwidéy
- 2) Kumaha struktur dongéng-dongéng sasakala di tempat wisata Ciwidéy
- 3) Kumaha ajén atikan dina dongéng sasakala nu aya di tempat wisata Ciwidéy
- 4) kumaha ngararancang bahan pangajaran maca dongéng di SMP

## **1.3 Tujuan Panalungtikan**

Luyu jeung masalah di luhur, ieu panalungtikan miboga tujuan nu kabagi jadi tujuan nu kabagi jadi tujuan umum jeung tujuan husus.

### **1.3.1 Tujuan Umum**

Tujuan umum tina ieu panalungtikan nyaéta maluruh dongéng-dongéng di tempat wisata Ciwidéy, sangkandipikawanoh ku generasi satuluyna ku cara dijadikeun bahan pangajaran.

### **1.3.2 Tujuan Husus**

Tujuan husus tina ieu panalungtikan téh miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) Dongéng-dongéng sasakala anu aya di tempat wisata Ciwidéy;
- 2) Struktur dongéng-dongéng sasakala anu aya di tempat wisata Ciwidéy;
- 3) Ajén atikan dina dongéng sasakala nu aya di tempat wisata Ciwidéy;
- 4) Ngararancang bahan pangajaran maca dongéng pikeun alternatif bahan pangajaran maca dongéng di SMP.

## **1.4 Mangpaat Panalungtikan**

Ieu panalungtikan téh dipalar bisa méré mangpaat sacara tioritis jeung praktis, saperti ieu di handap;

### **1.4.1 Mangpaat Tioritis**

Mangpaat tioritis tina ieu panalungtikan nyaéta ngeuyeuban pangaweruh utamana ngeunaan panalungtikan dongéng-dongéng Sunda sarta bisa dijadikeun rujukan pikeun panalungtikan satuluyna.

### **1.4.2 Mangpaat Praktis**

Mangpaat praktis anu kapaluruh dina ieu panalungtikan nyaéta:

1) Pikeun Guru

Hasil panalungtikan bisa dijadikeun alternatif bahan pangajaran sastra Sunda di sakola.

2) Pikeun Siswa

Pikeun pangalaman nganalisis struktur jeung ajén atikan dina karya sastra.

3) Pikeun Masarakat

Hasil panalungtikan bisa jadi dokumén sarta sumber rujukan pikeun panalungtikan satuluyna.

4) Pikeun Panalungtik

Pikeun nambahan pangaweruh jeung pangalaman nalungtik karya sastra.

### **1.5 Raraga Tulisan**

Raraga tulisan dina ieu skripsi ngawengku lima bab, Bab I Bubuka ngawengku kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan jeung mangpaat panalungtikan. Dina Bab II dipedar ngeunaan ulikan tiori anu ngawengku tiori ngeunaan jenis-jenis dongéng, ulikan struktural jeung ajén atikan karakter, sarta wangenan bahan pangajaran. Dina Bab III dipedar ngeunaan métode panalungtikan anu ngawengku desain panalungtikan, metode panalungtikan, sumber data panalungtikan, prosedur atawa galur panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, instrumén panalungtikan jeung téhnik ngumpulkeun data. Dina Bab IV hasil panalungtikan ngeunaan dongéng-dongéng di tempat wisata Ciwidéy anu satuluyna dianalisis ngeunaan ulikan struktural jeung ajén atikan karakter sarta milih dongéng tina hasil panalungtikan pikeun dijadikeun alternatif pikeun bahan pangajaran maca dongéng di SMP. Dina Bab V dipedar ngeunaan kacindekan tina panalungtikan anu geus dilaksanakeun jeung saran dimangpaatkeunana hasil panalungtikan.